# Қарақалпақстанның туристлик потенциалы ҳаққында каталог Уллы Британия пайтахты Лондон қаласында сатылмақта

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 30-апрельдеги ***“Ишки туризм хызметлерин диверсификациялаўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында”***ғы ПҚ-232-санлы қарарына муўапық, республикадағы ҳәр бир аймақтың туристлик потенциалын толық көрсетип бериўши туристлик карталарын (Guidebook) ислеп шығыў, баспадан шығарыў ҳәм бийпул тарқатыў ўазыйпалары белгиленген.

Усы мүнәсибет пенен, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басламасы менен Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги менен биргеликте “Bradt Travel Guides” басылымында Қарақалпақстанның туристлик потенциалы ҳаққында каталог таярлаў жойбары әмелге асырылды. Жойбар шеңберинде 2022-жыл Өзбекстанның Уллы Британиядағы туризм елшиси Софи Иббoтсон ҳәм ҒХҚ ўәкили Стефани Адамс ушын елимиздиң бир қатар туристлик объектлери бойлап пресс-тур шөлкемлестирилген еди. Пресс-тур даўамында шет елли мийман И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейи, Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи, жас художник Бахтияр Серекеев ҳәм оның әкеси, Қарақалпақстан халық художниги Базарбай Серекеевтиң үй-галереясы, соның менен бирге, Шымбай районындағы миллий өнерментлер ҳәм басқа да дыққатқа ылайықлы орынлары менен жақыннан танысты.

Әмелге асырылған бул жойбарлар нәтийжесинде, Қарақалпақстанның туристлик потенциалы ҳаққында каталог баспадан шығарылып усы жылдың июнь айынан баслап Лондан қаласында сатыўға шығарылды. Ал, 1 августтан болса бул каталог АҚШ қалаларында сатыўға қойылады.